

Slamet

—  
sing

—  
Sejati

bahasa  
Jawa Tengger

Kawitane Gusti Pengeran sing gawe ndunya sak'isine. Maringono Pengeran gawe menungsa lanang karo menungsa wedok, sing jenenge Adam karo Hawa. Menungsa iku urip ning taman sing lenah temenan. Ning taman iku tandur tuwuh paran wae ana.

Na Pengeran guneman nang menungsa ngene, "Woh-wohan kabeh sing ana ning taman iki kenek sira pangan. Tapikne woh teka wit sing ana ning tengah taman ajo sira pangan. Nek sira mangan, sira bakale mati.

Nyatane menungsa orak bisa nguasani hawa-napsune. Merga iku, menungsa iki mangan woh sing dipenggak Pengeran iku. Terus Pengeran nggenei paukuman nang menungsa iku. Ning njerone ukuman iku, hubungane menungsa karo Pengeran dadi pedot. Teruse menungsa bakale mati.

Ewonan taun sak'marine Adam karo Hawa, menungsa iki wes dadi akeh, tapikne tambah jahat. Merga iku Pengeran mbolak-balik ngutus nabi-nabine sing nyampek'en pesene Pengeran cekne menungsa eling nang Pengeran. Salah siji nabi iku jenenge Yesaya.

Nabi Yesaya akeh nggwei pesen teka Pengeran nang menungsa. Sala sijine pesene Nabi Yesaya ngene: "Kabeh menungsa keblaso, entah wedus sing mlaku karepe dewe. Mangkane Pengeran kate ngutus Abdine sing bakal nanggung dosane menungsa. Masia Abdi iku orak duwe salah

peparan, Abdi iku bakal dicekel, terus disiksa. Tapi kene mek meneng wae, entah korban wedus sing meneng pas dibeleh. Maringono Abdi iku bakal dipateni, tapi kene ya bakal urip maneh teka patine. Na merga patine Abdi iku, akeh wong bakal percaya, terus diselameten teka dosa-dosane.”

Atusan taun marane Nabi Yesaya, Pengeran ngutus salah sijine nabi maneh sing jenenge Yesus. Yesus orak pada karo nabi-nabi liyane. Yesus duwe kuasa sing gede. Yesus bisa marasen kabeh maceme penyakit, bisa nundung setan, ya bisa nguripen wong sing wes mati.

Pas mulang nang wong akeh, Yesus gelek nglawan pemimpin-pemimpin agama. Gunemane Yesus ngene, “Pemimpin-pemimpin agama entah cangkir sing jabane rijik, tapi jerone reget temenan. Wong-wong iku sregep nglakoni aturane agama sing bisa dideleng menungsa, tapi nurut Pengeran atine wong-wong iku jahat temenan.”

Na merga iku, pemimpin-pemimpin agama dadi bongol nang Yesus, terus nggolek cara cekne bisa mateni Yesus.

Sak’wijine dina Yesus dicekel karo pemimpin-pemimpin agama, terus digawa nang gubernur sing nguasani daerah kono. Ning kono Yesus nampa putusan sing orak adil, terus diambleki sampek meh mati. Tapi kene Yesus mek meneng wae. Maringono

Yesus diukum pati. Tapi sak'marine dikubur, telung dinane Yesus urip maneh teka pati.

Sak'marine urip teka pati, Yesus guneman nang murite ngene, "Reang iki Abdi sing diramalen Nabi Yesaya biyen. Reang kudu mati kanggo nanggung dosa-dosane menungsa. Sapa wae sing percaya nek patine reang nanggung dosa-dosane menungsa, dosane wong iku bakale disepura." Mari guneman ngono, Yesus munggah nang swarga.

Na, awak'e dewe wes weroh merga Adam nglakoni dosa, hubungane menungsa karo Pengeran dadi pedot, terus menungsa kabeh bakale mati. Tapi, sapa wae sing percaya patine Yesus wes nanggung dosane menungsa, wong iku bakale disepura. Terus, nek wong wes disepura, hubungane wong iku karo Pengeran bisa apik maneh. Teruse, masia wong iku bakale mati, wong iku bakale urip bareng Pengeran ning swarga. Wong iku bakal slamet sak'lelawase.

Apa maneh, saben wong sing percaya nang Yesus digenei kuasane Sang Roh Suci teka Pengeran. Kuasane Roh Suci iku bisa nguatn rika cekne urip ning ndunya dadi damang, bunga masia susah, sabar, ya seneng nglakoni apik nang wong liya.

